

Yon prensip konduit pèsonèl

Paramèt



“Yon wa kontan ak sèvitè ki konnen sa y ap fè, men li fache ak sèvitè sa yo k ap bay pwoblèm.” Pwovèb 14:35

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Depase limit . . . se ale pilwen pase limit sa ki moralman kòrèk, oswa dezobeyi, oubyen pa respekte paramèt ki déjà fikse. Yon bagay ki enteresan, Jezi te di nou dwe priye, “Papa Bondye, padonnen ofans nou tankou nou padonnen moun ki ofanse nou” (Matye 6:14). Depi vyole limit vle di depase limit, alòs fòk genyen paramèt oswa limit nou dwe respekte nan lavi nou. Si limit yo pa make klèman, nou kapab franchi limit yo san nou pa konnen. Donk, jan pwovèb di, “Yon wa kontan ak sèvitè ki konnen sa y ap fè.” Sa vle di wa a genyen yon bi ak yon deskripsyon travay ak limit pou sèvitè li yo, yon fason pou yo konnen kijan pou yo fè l plezi.

Si nou pa konnen volonte oswa bi wa a, li pa kapab vin volonte oswa bi pa nou. Si wa a oswa konpayi a pa bannou règleman espesifik konpayi a ak deskripsyon klè travay la ak objektif yo, anplwaye yo pa kapab mezire pèfòmans yo. Nou kapab mezire sèlman sa yo atann de nou. Yon wa kontan ak « sèvitè ki konnen sa y ap fè » Sèvitè kapab fè wa plezi sèlman si wa a klè nan sa li vle. Donk anvan nou kapab genyen atant, nou dwe fikse objektif ki klè ak paramèt jwèt la. Sa va bannou yon vizyo klè sa nou dwe fè ak libète pou nou travay nan limit paramèt ki déjà estriktire.

Si nou atan moun trete nou ak jistis, nou dwe jis ak tèt nou anvan. Pou nou reyalize sa, nou dwe genyen paramèt ki kòrèk ak limit ki fikse pou moun ki nan zantouray nou. Pitit nou va kontan obeyi nou si sèlman yo konnen epi yo konprann règleman nou ak bi nou. Sa rann yon pati nan jwèt la.

Nou pa kapab disipline pèsonn si nou

baze nou sou sa yo t a dwe konnen, ousinon yo va santi yo tankou esklav. Pèsonn pa kapab fè anyen san yo pa konnen sa y ap atann oswa sa lòt moun atann yo fè. Lè yo mezire pèfòmans yon moun selon sa yo t ap atann epi toulede pati yo konprann bi objektif la, travay la vin tounen yon jwèt. Se va « nou » olye « yo »; se va yon ekip anplwaye konpayi. Genyen zòn nan lavi nou ki gendwa parèt gri men anjeneral moun pa dwe gen dout sou sa n ap defann ak sa nou atann. Sa rann nou previzib, epi jwèt devinèt ak ensètitud la fini. Bondye klè nan sa li atann pitit gason ak fi li fè, epi li genyen gwo rekonpans pou pèfòmans nou.

Dezyèm pati pwovèb deklare wa a “...fache ak sèvitè sa yo k ap bay pwoblèm.” Nou va jwenn majorite anplwaye va respekte lidè yo si konpayi an kominike objektif ak bi li klèman. Yo kapab pa toujou dakò ak nou men yo va respekte nou. Sepandan genyen kèk rebèl ki opoze yo kont toutbagay ak toutmoun. Yo pa genyen ankenn lide sou sa ki jis. Erezman, se yon ti pousantaj nan sosyete nou an, men yo vreman fache wa a--- epi nou dwe dil avèk yo kòm sadwa.

Donk, si anplwaye nou ak fanmi nou fache ak nou, nou dwe mande tèt nou:

1. Eske atant mwen twò wo ousinon pa reyalis?
2. Eske paramèt mwen yo etann ase pou pèmèt ase libète?
3. Eske atitud mwen kòrèk lè m ap dirije yo?

Si toutbagay sa yo fèt nòmalman, pa t a dwe genyen anpil enfraksyon. Men nou kapab toujou genyen kèk « rebèl » ki pa sèlman depase limit men ki dezobeyi, epi yo vreman « ...fè wa a fache.”

Men annou fè pati pa nou pandan nou va fikse atant ak paramèt nou, ousinon moun va deklare nou pa jis.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè :

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Paramèt se tankou nòt mizik, si w swiv yo ou kreye gwo amoni.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lektri w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete